Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 91 (25577)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 27 май — зæрдæвæрæны мæйы 27 бон, майрæмбон Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АИВАДЫ ДÆСНЫТÆ
Цин æмæ рухсхæссæг зæрдæ

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 АХУЫРАД
Конкурсы уæлахиздзаутæ

Парламентæй

Бæстон ныхас – закъонты проекттыл

"Ирон музыкалон аивадмæ йе стыр бавæрæны тыххæй Парламенты Кады грамотæйæ хорзæхгонд цæуы Евгений ВОЛОЖАНИН", — ацы ныхæстимæ Парламенты Сæрдар Алексей МАЧНЕВ хæрзиуæг радта музыкантæн.

Афтæ, Парламенты Кады грамотæтæй Алексей Мачнев схорзæхджын кодта, алы къабæзты сæ хорз куыстæй бæрæг чи дары, уыцы адæмы къорды. Уый фæстæ куыд загъта, афтæмæй ацы хъæппæрис райстой Паддзахадон Думæйæ. "Иу хатт ма уын арфæ кæнын. Депутаттæ æрбалæвæрдтой ацы фæзминаг адæмы, мах хъуыддæгтæ равзæрстам æмæ сын абон хæрзиуджытæ сæ къухтæм радтам", — фæбæрæг кодта Парламенты Сæрдар.

Парламенты æмбырд дарддæр йæ куыст кодта. Закъонæвæрынады, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдары хæдивæг **Елдзарты Медея** рæгъмæ цы фарстатæ рахаста, уыдонæн сæ фылдæр баст уыд регионалон закъонтæ федералон 414 закъонимæ сæмхуызон кæнынимæ. "РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы тыххæй" Конституцион закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны фæдыл закъоны проектыл ныхас рауад.

Депутат **Хæдарцаты Руслан** куыд бафиппайдта, афтæмæй бынæттон хиуынаффæйады тыххæй 131 закъон иннæ акттæ æппынæдзух халынц. "Ацы ивддзинæдтæ, æнæмæнг, хъæуынц, фæлæ сæм хъуамæ бæрнондæр цæстæй акастаиккам. Нæ нæм уыд цæлхæмбырдтæ, эксперттæм нæ байхъуыстам Конституцион закъонмæ ивддзинæдты тыххæй. Уæд та ма Сæргълæууæг сфæнд кодта бынæттон хиуынаффæйады разамонæджы кæнæ администрацийы хис бацæттæ кæны. Уый дæр депутатмæ раст нæ кæсы.

Елдзарты Медея дзуаппытæ радта фарстатæн. Депутат **Тохъайты Нох** сразы ис Хæдарцы-фыртмæ. Ома, раныхасæн бынтон æндæр у йæ бакаст, кæд хыгъдлæвæрд у, уæд та æндæр хуызон. "Хыгъдлæвæрд скодтай, адæм хъуамæ бамбарой, хатдзæгтæ скæной, дарддæр ма кусдзынæ æви нæ", — бафиппайдта Тохъайы-фырт. Депутаттæ схъæлæс кодтой æмæ уымæ гæсгæ фарста иннæ æмбырдмæ ахастой.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ арæзтадон политикæйы комитеты сæрдар **Виталий Назаренко** куыд радзырдта, афтæмæй нæ республикæйы горæттæаразæн архайды тыххæй закъоны проектмæ ивддзинæдтæ, уæлæмхасæн бартæ ратдзысты æрдæгарæзт бæстыхæйттæ кæронмæ сцæттæ кæнынæн.

Промышленносты, транспорты, бастдзинад æмæ амалхъомады комитет цы фарстатæ рахаста, уыдонимæ уыд республикæйы цæрджыты, йæ фæзуат æрдзон æмæ техногенон цаутæй бахизыны закъоны проект дæр. Комитеты сæрдар **Бурдзиуты Валери** куыд радзырдта, афтæмæй ивддзинæдтæ адæмы æмæ фæзуæттæ бахиздзысты алыхуызон бæллæхтæй.

Депутаттæ ма байхъуыстой парламентон комитетты разамонджытæм, сфидар кодтой закъонты проекттæ.

БУТАТЫ Эльзæ

Æмбырд

Фæлхасадон фиддонтæм – цæстдард

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис сарæзта æмбырд, коммуналон комплексы куыстуæтты финансон-хæдзарадон архайдæн анализ скæныны æмæ нæ республикæйы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады æмæ энергетикæйы куыстуæтты экономикон рæзты программæйы нысантæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый фæдыл.

Фарстатыл бæстон æрныхас кæныны æмбырды архайдтой министрты кабинеты уæнгтæ, Дзæуджыхъæуы æмæ районты бынæттон хиуынаффæйады администрациты сæргълæуджытæ æмæ фæрæзтæй æххæстгæнæг организацийы разамонджытæ.

Ныхас цыдис, ацы азы бюджетон къабазы цæрæнуатон-коммуналон комплексы фæрæзты фæлхасадон уавæрыл. Дзанайты Барис куыд радзырдта, афтæмæй, бынæттон, республикон бюджетæй цы организацитæ æмæ ведомствæтæм цæуынц финанстæ, уыдон, æнæмæнг, хъуамæ энергофæрæзтæн фидой 100 проценты. Æндæр варианттæ дзы нæй.

— Районты æххæстгæнæг органты разамонджытæй курын, ацы фарстамæ уæлдай фылдæр цæстдард цæмæй уа, уый, — загъта Дзанайы-фырт.

Компани "Газпром Межрегионгаз Владикавказ"-ы генералон директоры хæдивæг **Хъæлыцты Батрадз** куыд бацамыдта, афтæмæй, фаронимæ абаргæйæ, газы фæлхасады фиддонтæ ацы аз фæкъаддæр сты 5 проценты æмæ сæ нымæц у 95, 7 проценты. Дзæуджыхъæуы уыцы фиддонты рæзт рауад муниципалон унитарон куыстуат "Дзæуджыхъæуы хъармгæнæн хызтæ"-йы аххосæй.

Электрон тыхы фарстайы фæдыл та "Россети СК" — "Цæгкавказэнерго"-йы филиалы директор **Сергей Пашины** хъусынгæнинагмæ гæсгæ, 2022 азы фыццаг цыппар мæйы фиддонты æмвæзад сырæзт 99 процентмæ. Хæсдарджыты 'хсæн та ис муниципалон унитарон куыстуат " Дзæуджыхъæуы хъармгæнæн хызтæ"

Хицауады Сæрдар горæты æмæ нæ республикæйы районты сæргълæуджытæн бафæдзæхста уавæр банывыл кæнын æмæ фиддонты хæстæ бафидынмæ биноныгдæр цæст фæдарын.

РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн** та раныхас кодта, коммуналон инфраструктурæйы æнæхицау объекттæ хи исбонадмæ бахæссыныл, донгуырæнтæ æмæ санитарон зонæтæ хъахъхъæнæн проекттыл бакусыны, донгуырæнтæ цы зæххыты хæйттыл сты, уыдон закъоны бындурыл саразын æмæ сæ хæдзарадон субъектты балансы сæвæрыны тыххæй. Ведомствæйы разамонæг куыд загъта, афтæмæй муниципалон скондты архайд фæсындæгдæр. Афтæмæй, 2926 æнæхицау объектæй регистрацигонд æмæ хыгъды æвæрд æрцыдысты 1706.

Æмбырды архайджытæ ма ныхас кодтой, бирæфатерон хæдзæртты бындурон цалцæджы фиддонты нырыккон уавæрыл дæр. Бындурон цалцæджы фонды директор **Тедты Рамазан** бирæфатерон хæдзæртты цалцæджы фиддонты тыххæй бацамыдта хорз бæрæггæнæнтæ. Фаронимæ абаргæйæ, ацы аз фиддонтæ сырæзтысты 50-йæ 55 процентмæ.

Тедты Рамазан куыд загъта, афтæмæй ацы азы куысты пъланы бындурон цалцæгмæ бахастой бирæфатерон хæдзæрттæй 47. Уыдонæй 11 объекты куыстытæ фесты. 21 хæдзарæн та цæттæгонд цæуынц хæрдзты гæххæттытæ.

— Фатерты хицæуттимæ куыст фæтыхджындæр кæнын хъæуы. Ныры онг та уал цæрджытæм бирæ фарстатæ ис, — загъта Хицауады Сæрдар.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Президенты хъæппæристæ

Пенситæ æмæ æппынкъаддæр мызды бæрцыл бафтдзæн

25 майы Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путин хицауады федералон æмæ регионалон оргæнты разамонджытæн цы уæрæх æмбырд сарæзта, уым фехъусын кодта, хæстæгдæр рæстæг пенситæ æмæ æппынкъаддæр мызд индексацигонд кæй æрцæудзысты, уый тыххæй.

Афтæ, Президенты уынаффæйæ 2022 азы 1 июнæй æппынкъаддæр мызд æмæ пенситы бæрцыл бафтдзæн 10 проценты.

Фæстæдæр бæстæйы финансты министр Антон Силуанов журналисттæн куыд радзырдта, афтæмæй мызд æмæ пенситы индексацийæн ацы аз уæлæмхасæн бахъæудзæн 600 миллиард сомы бæрц, 2023 азы та — 1 миллиард сомæй фылдæр.

Нæ уацхæссæг

Регионалон программæтæ

Фæллойы базары уавæры нывылдзинадæн

Фæллойы базары уавæр фæнывылдæр кæнынæн, стæй комкоммæ — æгуыст адæмы нымæц къаддæр кæныны мадзæлттыл Цæгат Ирыстоны ацы азы кæронмæ хардзгонд æрцæудзæн 140 милуан сомы бæрц.

Ахæм нымæцтæ журналисттæн фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Адæмæн куыст дæттыны комитеты сæрдар **Платы Альбинæ**.

"Зæгъæм, ацы аз нысанмæ арæзт регионалон программæ "Адæмæн ног кусæн бынæттæ дæттын"-ы мадзæлттæ æххæст кæнынæн дихгонд æрцæудзæн 19,5 милуан сомы бæрц. Фæллойы базары уавæры карздзинад фæкъаддæр кæныны мадзæлттæн та азы кæронмæ нысангонд цæуы 120,5 милуан сомы (уыдонæй 119,3 милуан сомы радих кодта федералон бюджет, иннæ хай та сæм бафтаудзæн республикæ)", — бафиппайдта комитеты сæрдар.

Платы Альбинæйы ныхасмæ гæсгæ, уæлдæр амынд регионалон программæйы фæлгæты иудадзыгон æмæ рæстæгмæ куысты бынæттæ ратдзысты 4 мин адæймагæн. Уæлæмхасæн професси-он ахуырады курсытæм та арвитдзысты 1500 адæймаджы бæрц. Уымæй уæлдай, сæ ахуырæй уæгъд рæстæг кусыны фадат уыдзæн 1200 æнахъомæн. Уæлæмхасæн дæсныйад райсыны курсыты чи архайа, уыдонæй 130 адæймагæн та сараздзысты професси-он стажировкæтæ.

Фæллойы базары уавæр фæнывылдæр кæныны мадзæлтты архайдзысты куыстуæттæ æмæ æндæр юридикон иуæгтæ дæр. Зæгъæм, 30 азы кæуыл нæма сæхæст, ахæм æрыгон адæймаджы куыстмæ кæдæм райсой, уыцы организацийæн паддзахад æххуысы хуызы радих кæндзæн 50 мин сомы бæрц. Уæлæмхасæн кусджытæ цы организацимæ райсой, уыдонæн паддзахад дæтдзæн æндæр финансон зæрдæдарæнтæ дæр.

Комитеты сæрдар куыд радзырдта, афтæмæй фæллойы базары карздзинады къæпхæн фæкъаддæр кæнынæн пайда кæндзысты æндæр ахæм мадзæлттæй дæр.

("ТАСС")

УÆРÆСЕЙЫ ФЕДЕРАЦИЙЫ ПРЕЗИДЕНТЫ
УКАЗ

Уæрæсейы Федерацийы паддзахадон хæрзиуæг раттыны тыххæй

Социалон æгъдауæй ахсджиаг проекттæ æххæст кæнынмæ стыр бавæрæн æмæ зæрдиаг æхсæнадон архайды тыххæй

"Фыдыбæстæйы раз сгуыхтдзинæдты тыххæй" ордены дыккаг къæпхæны майдан

лæвæрд æрцæуæд:

ЧИПЛАКОВА Нинæ Владимиры чызгæн — Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æхсæнадон палатæйы сæрдарæн.

Уæрæсейы Федерацийы
Президент В. Путин

Мæскуы, Кремл, 2022 азы 4 май, № 251

УÆРÆСЕЙЫ ФЕДЕРАЦИЙЫ ПРЕЗИДЕНТЫ
УКАЗ

Уæрæсейы Федерацийы паддзахадон хæрзиуæг раттыны тыххæй

Бæрзонд профессион дæсныдзинады, коронавирусы низæфтауæг парахатдæр кæнынæн гæрæнтæ æвæрыны куысты зæрдиаг архайд æмæ адæмæн аккаг медицинон æххуыс дæттыны тыххæй

Пироговы орден

лæвæрд æрцæуæд:

АСАТРЯН Аршавир Самвелы фыртæн — æнæниздзинад хъахъхъæнынады паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон клиникон рынчындон"-ы дохтырæн, Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани.

Уæрæсейы Федерацийы
Президент В. Путин

Мæскуы, Кремл, 2022 азы 1 апрел, № 176

Рухстауæн-культурон акци

"Библиотекæты æхсæв"

Æрвылаз куыд вæййы, афтæ та ныр дæр 28 майы уæрæсейаг регионты арæзт æрцæудзæн рухстауæн-культурон дзыллон акци "Библиотекæты æхсæв".

Амынд акцийы мадзæлттæ Дзæуджыхъæуы цæудзысты Национ наукон библиотекæйы бæстыхайы.

Бæрæгбон цæттæгæнæн комитеты нæ уацхæссæгæн куыд радзырдтой, афтæмæй ацы хатт акцийы сæйраг темæтæ уыдзысты адæмон традицитæ æмæ æгъдæуттæ.

Уыцы бон библиотекæмæ чи саккаг кæна, уыцы сывæллæттæ æмæ ас адæмæн уыдзæн алыхуызон рухстауæн-культурон æмæ хиирхæфсæн мадзæлтты архайыны фадат. "Библиотекæты æхсæв"-ы программæйы уыдзысты чингуытæ æмæ бæстæзонæн проекттыл презентацитæ, мастер-класстæ, равдыстытæ, адæмон промыслæты зæрингуырдты куыстыты армуккъа æмæ афтæ дарддæр. Уымæй уæлдай, бæрæгбоны архайæг уыдзысты Ирыстоны национ-культурон æхсæнæдты сфæлдыстадон коллективтæ дæр.



"Библиотекæты æхсæв"-ы райдайæн — 12 сахатыл (программæйы мадзæлттæ аххæсдзысты 21 сахаты онг).

Дзæуджыхъæуы цæрджытæ æмæ республикæйы уазджыты Национ наукон библиотекæ хоны бæрæгбонмæ.

Нæ уацхæссæг

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2022 азы дыккаг æмбисæн

2022 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани райдыдта 15 апрелы. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.

Фæлæ, цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ уыдзæн ныр дæр. 2022 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1249 сомы æмæ 38 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1021 сомы æмæ 50 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!

Редакци

Дзырды фарн

Ир рагæй дæр уазæгуарзаг уыдысты.

КОЦОЙТЫ Арсен

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **27 майы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **23-28 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **23-25 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,04

Хурыскаст — 04,24
Хурныгуылд — 19,28

Валютæйы аргъ

Доллар — 63,07
Евро — 66,78

12+

Зæрдылдарæн фембæлд

Арфæтæ — скъолайы рауагъдонтæн

Зындгонд куыд у, афтæмæй 25 майы фæстаг дзæнгæрæг айзæлыд иумæйагахуырадон скъолаты рауагъдонтæн. Уыцы бон Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы рауагъдонтæн арфæ ракодта РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар Алексей МАЧНЕВ.

Республикæйы закъонæвæрæг оргæны разамонæг йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй уыцы бон рауагъдонтæ сæ зæрдыл бадардзысты. "Зæгъæн ис, æмæ абоны цау сымахæн суыдзæн царды стыр æмæ уæрæх фæндæгтæм дзæнгæрæг. Ныр сымах фылдæр бæрнондзинад хæсдзыстут, цы уынаффæты фарс рахæцат, уыдоныл... Рæствæндаг ут, зынаргъ хæлæрттæ! Мæ зæрдæ уын зæгъы æнæнизæдзинад æмæ амонд", — йæ арфæйы ныхасы фæбæрæг кодта Парламенты Сæрдар.

Кадджын æмбырд ахицæн бæрæгбоны вальсæй.

Нæ уацхæссæг

Æвзаг — нæ тых, нæ иугæнæг

Рæсугъд æмæ фæрнджын хъуыддæгтæ

Уæрæсе сбæрæг кодта Славянаг фыссынад æмæ культурæйы бон. Бæрæгбоны кадæн концертон программæ уыд Евгений Вахтангови номыл Уырыссаг академион театры.

Мадзалы архайдтой нæ республикæйы Хицауады, горæты разамынды, Культурæйы, Ахуырад æмæ наукæйы министрадты минæвæрттæ, æхсæнадон царды архайджытæ, ахуыргæнджытæ æмæ дины кусджытæ.

Фарæстæм æнусы, чырыстон дины Хуыцауы ныхас адæммæ сыгъдæгæй чи хаста, рухс фидæнмæ чи бæллыд, уыдонæй уыдысты дыууæ æфсымæры Кирилл æмæ Мефодий, (сæ æцæг нæмттæ — Константин æмæ Михаил). Уыдон цы дамгъуат сарæзтой, уый стыр ахъаз фæцис Уæрæсейы паддзахады æмæ æвзаджы егъау рæзтæн. Æвзаг куы нæ уа, уæд нæй наци дæр, нæй культурæ æмæ фидæн.

Концертон программæйы райдайæны архайджытæн зæрдиаг арфæтæ ракодта, Уырыссаг театры директор, УФ-йы адæмон артист **Владимир Уваров**.

Кирилл æмæ Мефодий нын радтой цардхъомысы уæлдæф, дамгъуат — кириллицæ. Уыцы дамгъуаты фæрцы нын ис æвзаг абон, культурæ, традицитæ æмæ паддзахад. Иунæг адæмыхаттæн дæр нæй уæвæн æнæ æвзагæй. Уыцы æвзаг та уырыссæгтæн райрæзын кодта Александр Пушкин. Æмæ йæ хонгæ дæр кæнæм Пушкины æвзаг. Абон ма бæрæг кæнæм, нæ республикæйы национ змæлд "Нæ Ирыстон"-ы 30 азы юбилей дæр, йæ сæргъы — **Лагкуты Вячеслав**, афтæмæй. Æхсæнад ахъазаджы куыст кæны канд нæ республикæйы алы адæмты 'хсæн хæлар ахастдзинæдтæ тауыныл нæ, фæлæ æндæр бæстæты адæмтимæ дæр. Сабырдзинадмæ, хæлардзинадмæ æмæ рухс фæрныгадмæ бæллыдысты кæддæр, не 'взагæн нын бындур чи сæвæрдта, уыцы дыууæ æфсымæры дæр. Лагкуыйы фырт та йæ алыварс кæй æрбамбырд кодта, уыцы æхсæнадон организацийы минæвæрттæ сыгъдæгзæрдæйæ абон дæр Ирыстоны æмæ Уæрæсейы хæрзæбонæн аразынц рæсугъд æмæ фæрнджын хъуыддæгтæ. Æмæ кæд алы адæмты минæвæрттæ сты, уæддæр сæ иу кæны уырыссаг æвзаг, — загъта Владимир Уваров.

Мадзалы архайджытæн бæрæгбоны фæдыл рарфæ кодта РЦИ-Аланийы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан** дæр.

Концерт уыдис тынг цымыдисаг. Уырыссаг театры артисттæ æмæ ЦИПУ-йы аивæдты факультеты студенттæ бацæттæ кодтой Уæрæсейы равзæрды историйы фæдыл театралон скъуыддзæгты инсценировкæтæ.

САУТÆТЫ Тамилæ

Ахуырад

Турниры раззагдæртæ

Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрады цы æмбырд уыд, уым робототехникæйæ республикон ерыстæ "РобоЭкстрим"-ы уæлахиздзаутæ æмæ призертæн хæрзиуджытæ радтой.

Уæрæсейы Наукæты академийы Дзæуджыхъæуккаг наукон центры æмæ Æнæсцух математикон ахуырады дзæуджыхъæуккаг центры æххуысæй нымæцон ахуырады центр "IT-Куб. Владикавказ" кæй оператор уыд, нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрад уыцы турнирæн фадæттæ саразта.

Конкурсы архайдтой Дзæуджыхъæу, Беслæн, Æрыдон, Заманхъул æмæ Хохы Фыййагдоны ахуыргæнæндæттæй фæсивæд. Робототехникæйæ республикон ерыстæ "РобоЭкстрим"-ы номинацитæ "Пилот" æмæ "Автопилот"-ы уæлахиздзаутæ суæвыныл тох кодтой 30 командæйы.

Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, номинаци "Пилот"-ы фæуæлахиз Дзæуджыхъæуы 22-æм скъолайы командæ "Lizartics" (йæ уæнгтæ — **Артем Мирсаянов** æмæ **Годзойты Тимур**).

Дыккаг банат бацахста амынд ахуыргæнæндоны командæ "Звездочки" (**Баскаты Аликæ** æмæ **Реуазты Анжеликæ**). Дыууæ командæйы дæр бацæттæ кодта ахуыргæнæг **Тауаситы Дианæ**.

Æртыккаг бынатмæ рацыд Дзæуджыхъæуы 5-æм гимназы командæ "ALAR36" (**Елеты Артур** æмæ **Датиты Аланæ**). Ацы ахуырдзауты бацæттæ кодта **Иринæ Плитень**.

Номинаци "Автопилот"-ы раззаг бынæттæ бацахстой амынд скъолайы командæтæ "Трансформеры" (**Хъамболты Арсен**), "Robots" (**Марк Кузнецов** æмæ **Пагæты Батрадз**), стæй "Форсаж" (**Игорь Немцов**). Командæтæ ерыстæм бацæттæ кодтой ахуыргæнджытæ **Тауаситы Юлия** æмæ **Дианæ**.

Раззаг бынæттæ бацахсæг ахуырдзаутæн саккаг кодтой грамотæтæ æмæ призтæ, сæ зондамонджытæн та — бузныджы фыстæджытæ.

Нæ уацхæссæг

Фембæлд

Кæстæрты патриотон хъомыладмæ — цæстдард

Советон Цæдисы фехæлд расайдта бирæ æвирхъау фæзылдтытæ (се 'ппæт нæ нымайдзынæн, сты зындгонд), фæцудыдта патриотон хъомылад дæр фæсивæды 'хсæн. Куыдфæндыйы цæстæй каст æрцыдис ацы вазыгджын хъомыладон фæрæзмæ. 90-æм азты ма-иу нæ цардхалджытæй фехъусæн уыдис ахæм ныхæстæ дæр: "Патриотизм у коммунистты æмбæхсæн фæстаг бынат". Гъе, ахæм адæймæгты хъæппæрисæй нæ бæстæ бахаудта къуырцдзæвæны.

Мæнмæ гæсгæ, цы адæймаг нæ уарзы йæ бæстæйы, уый у йе знаг, йæ уæйгæнæг. Фæлæ, Хуыцауæй разы, фæстаг азты патриотон хъомыладмæ сæрмагонд цæстæнгас дард цæуы. Фæфылдæр сты ацы фарстатимæ баст мадзæлттæ.

Зæгъын мæ фæнды, цы цæстангас ис æмæ куыд æххæст кæнынц Национ музейы зонадон кусджытæ ацы фарста. Æрвылаз сæйраг музейы, стæй йæ филиалты сбæрæг кæнынц патриотон хъомылады куыстимæ баст мадзæлттæ: "Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон", "Хъæбатыры бон", "Уæлахизы бон", "Иудзинады бон" æмæ афтæ дарддæр. Арæзт æрцæуынц равдыстытæ. Уыцы бæрæгбæтты фæсивæдимæ фембæлынмæ хуынд æрцæуынц Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ, Уæрæсейы хъæбатыртæ, Афганистаны хæсты архайджытæ...

Ацы мадзæлтты нысан у æрыгон фæсивæды хъомыл кæнын Райгуырæн бæстæйыл иузæрдиондзинадыл, цæмæй уой æцæг патриоттæ, уарзой сæ Фыдыбæстæ æмæ цæттæ уой бахъуаджы сахат йæ бахъахъхъæнынмæ. Ма рох кæной, Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау сæ цард чи снывонд кодта, уыдоны рухс нæмттæ.

Фембæлдтыты рæстæг Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ фæсивæдæн радзурынц, немыцаг фашисттæ цы æвирхъау митæ бакодтой нæ бæстæйæн, уыдæттæ. Куыд зынаргъ слæууыд Уæлахизы бон. Уый уыдис тугæй æлхæд Уæлахиз! Зарæджы хуымæтæджы нæй ахæм ныхæстæ: "... Этот праздник со слезами на глазах..."

Цыбырæй мæ фæнды радзурын, ацы аз куыд сбæрæг кодтам 77 азы кадæн Уæлахизы бæрæгбон сæйраг музейы. 17-æм скъолайы ахуырдзаутимæ бацæттæ кодтам мадзал "Нæ зæрдыл дарæм, сæрыстыр стæм".

Мадзалы ма ноджыдæр архайдтой Гергиты Валерийы номыл аивæдты колледжы студенттæ, 21-æм æмæ 26-æм скъолаты сабырдзинад хъахъхъæнджыты æрыгон къордтæ "Цъæх береттæ" (сæ разамонæг В.С.Беляев), стæй РЦИ-Аланийы слестгæнæн комитеты кадетон къласы курсанттæ. Уыдон тынг лæмбынæг æмæ цымыдисæй хъуыстой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран, 97-аздзыд **Александр Николайы фырт-Варламовмæ**. Уый сын радзырдта йæ зын хæстон фæндæгты тыххæй. Уæззау хæстыты архайгæйæ, куыд бахæццæ ис Австримæ, дарддæр та тох кодта япойнаг самурайтимæ. Ноджы ма сын загъта, Советон Цæдисы адæм кæй фæуæлахиз сты цыфыддæр знагыл сæ хъæбатырдзинад æмæ иудзинады фæрцы. Мадзалы архайджытæ лæугæйæ тыхджын къухæмдзæгъд сарæзтой кадджын хистæрæн. Александр Николайы фырт ма æрыгон фæсивæдмæ фæсидтис, цæмæй хорз ахуыр кæной æмæ уарзой сæ Райгуырæн бæстæ. Æнæниз æмæ хъæлдзæгæй рæзой цъæх арвы бын.

Дарддæр ныхасы бар лæвæрд æрцыд **Золойты Игорæн** — РЦИ-Аланийы регионалон æхсæнадон организаци "Десантникты цæдис"-ы сæргълæууæгæн. Уый йæ ныхасы фæбæрæг кодта, хæсты архайджытæ бирæ кæй нал сты æмæ абон кæй уынынц, тугкалæн хæсты чи архайдта, уыцы хæстон салдаты. Йæ ныхæстæ йын зæрдыл куыд бадарой æмæ зоной, Фыдыбæстæ мадау зынаргъ кæй у, æмæ йæ уарзын кæй хъæуы.

Козаты Петр — Национ музейы археологон хайады сæргълæууæгæн йæ фыд Къузма уыдис Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг. Фæцыдис уæззау æмæ гуыргъахъ хæстон фæндæгтыл. Бирæ хæттыты уыдис цард æмæ мæлæты 'хсæн. Йæ ныхас уыдис, ныртæккæ Донецк æмæ Донбассы цы цаутæ цæуы, уыдоны тыххæй. Петр йæ ныхасы кæрон фæсидтис фæсивæдмæ, цæмæй уой къæрцхъус, уарзой сæ Райгуырæн бæстæ æмæ ныхкъуырд дæттой истори зыгъуыммæгæнджытæн.

Мадзалы архайджытæ, æнæмæнг, сæ зæрдыл бадардзысты, кæддæр сын кæй уыд фембæлд 97-аздзыд хæсты ветеранимæ, уый.

Кæронбæттæны мæ рарфæ кæнын фæнды, мадзал бацæттæ кæныныл чи бацархайдта, уыдонæн. Уыдон та сты 17-æм скъолайы хъомылгæнинæгтæ: **Куыдзиаты Аннæ, Анастасия Халина** (мадзал амонджытæ), **Цоциты Зæринæ, Хъулаты Дианæ, София Чернецкая, Аланæ Целовальникова** (сæ сæргълæууæг, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг — **Бигъанаты-Малиты Тамилæ**).

Рæсугъд фæндыры зæлтæм зæрдиагæй байхъуыстой мадзалы архайджытæ — Гергиты Валерийы номыл колледжы фæндырдзæгъдджытæ — **Хуымарты Джамбулат, Цомартаты Сослан, Быгъуылты Чермен**, сæ разамонæг — **Гæздæнты Еленæ.**

Мадзалы кæрон ацы рæнхъыты автор Национ музейы коллектив æмæ йæ сæргълæууæг Цуциты Асланы номæй бузныг загъта æппæт архайджытæн. Музейы директоры фæндонæй Кады гæххæттытæй хорзæхджын æрцыдысты: Золойты Игор, Бигъанаты-Малиты Тамилæ, Гæздæнты Еленæ сæ активон патриотон хъомылады тыххæй фæсивæды 'хсæн, стæй кæддæриддæр кæй архайынц Национ музейы хъуыддæгты.

Уырны мæ, ахæм мадзæлттæ стыр пайда сты рæзгæ фæсивæды хъомыладæ.

ГÆДЗИАТЫ-БÆЛÆУТЫ Фузæ,
РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг

Æркæсинаг фарста

Рынчынтæ æмæ ацæргæ адæмæн — хъæугæ хостæ

Заманхъул рæбыны хъæутæн у се стырдæртæй иу. Уæдæ нæм рынчынтæ æмæ низæфхæрд ацæргæ адæм дæр гыццыл нæй.

Заманхъулы амбулаторимæ бацыдтæ, дохтыр дæ федта, дæ низы хатт дын равзæрста, рафыста дын хостæ. Рафыста, фæлæ, цæмæй уыцы хостæ балхæнай, уый тыххæй дæ цæуын хъæуы Беслæны сахармæ. Хъуамæ сбадай бæлццæттæласæн хæдтулгæйы — æмæ дæ бон сæфт. Уæдæ цалынмæ афтектыл разил-базил кæнай, уæдмæ дæр рæстæг ацæуы. Æхца дæр дæ хъæуы бирæ фылдæр фидын.

Ивгъуыд æнусы æхсайæмæй суанг нæуæдзæм азты онг Заманхъулы уыдис паддзахадон афтек, куыста дзы Хъуысаты Рая (Дыгына), уый фæстæ — Кодзырты Тæтæрийы чызг Наташæ æмæ дзы цы хос не ссардтаис, иу ахæм нæ разындаид.

Уæдæ Советон Цæдисы фехæлды фæстæ дæр нæм уыдис афтек, куыста дзы Мыртазты Светланæ. Фæлæ сабыргай цауддæрæй-цауддæр кодта афтечы куыст, мызд гыццыл, хосты бæрц дæр бирæ фæкъаддæр. Светланæйæн гæнæн нал уыд, æмæ йæ куыст ныууагъта. Заманхъулы адæм баззадысты æнæ хостæй.

Уæды бынæттон хиуынаффæйады сæргълæууæг Цорæты Артур бæргæ архайдта, цæмæй хъæубæсты гом æрцыдаид афтек, фæлæ абоны онг йæ бынатæй нæма фезмæлыд уыцы фарста.

Ног хъæуыхицау Хадыхъаты Мухадин архайы, цæмæй уыцы фарста лыггонд æрцæуа. Нæ районы сæргълæууæг Фрайты Сослан зæрдæ бавæрдта, Заманхъулы афтек кæй байгом уыдзæн, уымæй. Куыд фæзæгъынц, "ахæрынæй анхъæлмæ кæсын хуыздæр"... Æнхъæлмæ кæсæм.

Фрайты Сослан йæ ныхасæн у стыр хицау, æмæ нæ уырны, Сосланы руаджы, Заманхъулы хосты къæбиц гом кæй æрцæудзæн, уый.

Хъæубæсты номæй — ХЪУЫДАККАТЫ Хъæсболат

Аивады дæснытæ

Цин æмæ рухсхæссæг зæрдæ

Нæ гыццыл Ирыстоны бирæ курдиатджын адæймæгтæ ис. Уыдон сæ арæхстдзинад æмæ рæсугъд зондахастæй сæхицæн скодтой кад æгас дзыллæйы 'хсæн. Сæ номхыгъды фидарæй бафыссæн ис хæларзæрдæ æмæ курдиатджын музыкант, композитор, РЦИ-Аланийы адæмон артист Евгений ВОЛОЖАНИНЫ.

Абон газет "Рæстдзинад"-ы уазæг у нæ уарзон аккордеонист Евгений Воложанин...

— Кавказы æрдз бирæ бæлццæтты цымыдис кодта, уæлдайдæр та уырыссаг поэтты æмæ се сфæлдыстады æрцахста стыр бынат, уыдонимæ А.С. Пушкин, М. Ю. Лермонтов æмæ ма бирæ æндæр уырыссаг фысджыты æмæ зындгонд ахуыргæндты уацмысты. Зæгъ-ма нын, цæмæй сцымыдис кодта дæу та Кавказ?!

— Хæхтæй! — уайтагъд, йæ мидбылты худгæйæ, фидарæй дзуапп радта уазæг. — Диссаджы уæйыгхæхтæ, адæмау сты! Куы — цæхæркалгæ, куы та — æнкъард... Æвæджиауы алæмæты хуыз æмæ бæрзонддзинадæй адæймаджы зæрдæ сæхимæ удцырын кæнынц æмæ æлвасынц, цыма сын стыр цæстытæ ис, æмæ алцыдæр уынынц, æнкъарынц, афтæ мæм фæкæсы.

Æмæ диссаг у цард. Лæг иу ран райгуыры, стæй йæ хъысмæты фæндаг, дымгæйау, ахæссы уарзондæр ранмæ æмæ уыцы бынаты цæргæйæ баззайы. Воложанинты бинонтæ цардысты тыгъдбыдыр ран Казахстаны, шахтерты горæт Каратауы. Уым уыд музыкалон скъола. Женя йæ фыдау уарзта музыкæ æмæ йæ йæ фыды хæстон æмбал Эмиль Майер сахуыр кодта аккордеоныл. Сæ сыхæгтæ уыдысты алы адæмыхæттытæй: цæцæйнæгтæ, хъæрæсейæгтæ, ирæттæ. Сæ чындзæхсæвты, куывдты скъоладзауæй хъуыста кавказаг музыкæ, цымыдисæй-иу кастис сæ диссаджы цырд æмæ къахфындзтыл кæфтытæм. Тынг æй фæндыд Кавказ фенын, уымæн æмæ сæ сыхæгтæ Гуыдиатæ æмæ Дзахсоратæй арæх фехъусæн уыд сæ райгуырæн Ирыстоны рæсугъд æгъдæуттæ æмæ алæмæты æрдзы кой.

Дæс къласы фæстæ, музыкæйы ахуыргæнæг Гуыдиаты Тамарæйы фæдзæхстмæ гæсгæ, Женя ссыд Ирыстонмæ æмæ бацыдис Дзæуджыхъæуы аивæдты училищæмæ, ахуыр кодта Борис Иваны фырт Шаталовы къласы аккордеоныл. Ахуыры рæстæг цард Дзахсоратæм.

Арæх-иу сæумæрайсом ирон радиойы уылæнтыл хъуыста ирон фæндыры цагъд, адæмон оркестры ирон композиторты алыхуызон мелодитæ. Йæ зæрдæйы ныххауд фæсхохæй сæуæхсиды, стæй та хуры скаст, Ирыстоны æрдз, нæ ирон музыкæйы зæлаивад, уæлахизæнгæс цитиджын хæхтæ.

Фæстæдæр, фæлварæны, йæ ахуыргæнæг, композитор Леон Давыдовы амындмæ гæсгæ, фидæны композиторæн бар лæвæрд уыд, цæмæй йæ уацмысæн, фæлварæны рæстæг, йæхæдæг уыдаид оркестрæн дирижер. Уæд Женя йæ фæлварæнæй

райста иттæг хорз бæрæггæнæн.

Студенты бонтæ фесты, æмæ æрвыст æрцыд паддзахадон кæфтыты ансамбл "Алан"-мæ. Ацы ран Женяйæн, йæхи ныхæстæм гæсгæ, уыд æппæты бæрзонддæр ахуырады скъола. 1972 азы æввахсдæр балымæн ирон адæм æмæ ирон фæндыримæ. Бауарзта фæндыр, цагъта фæндырæй ансамблты концертты. Йæ дæсныйадыл æфтыд æмæ æфтыд, уыимæ, ансамблы коллективимæ æрзылд æмæ федта дунейы бирæ бæстæтæ. Уыцы балцыты руаджы йе сфæлдыстад дæр бирæ фæхъæздыгдæр ис.

Йæ инструменталон уацмыс "Хæхты мелоди"-мæ гæсгæ кафыд "Чызджыты лирикон кафт" зындгонд, адæмæн уарзон артисткæ Байаты Альбинæ. Доны хъазау-иу, цæдæг, æнæнкъуысгæ кафтæй, цæсгомыл ивылгæ мидбылхудтæй æлхæдта концертдзауты зæрдæтæ.

Абон Воложанины сфæлдыстадон чиныджы хыгъды ис сæдæ уацмысæй фылдæр, уыдонимæ: ирæттæ, уырыссæгтæ, цæцæйнæгтæ, тæтæйрæгтæ, хъазахъхъæгтæ, дагестайнæгтæ, кæсгæттæ, украинаг, молдоваг, грекъаг, италиаг, венгриаг мелодитæ.

— Евгений, стыр уырыссаг композитор Петр Чайковский иу ран йæ мысинæгты афтæ фыста: "О, ацы музыкæ, музыкæ! Фынæй кæнын мæ нæ уадзы, мæ сæрæй нæ хизы, мæ зондæй нæ хицæн кæны æппындæр..." Ды та цы зæгъдзынæ?

— Æрмæст хъустыл нæ уайы, фæлæ фыны дæр: куы музыкæ фыссын, куы, цыма, инструментыл цæгъдгæ фæкæнын... Стæй мын уæд мæ фын æнцойад нал фæдæтты æмæ — та райгуыры уацмыс.

1991 азы Воложанинæн лæвæрд æрцыд "Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæджы ном". Женя саразта бирæ концертон программæтæ, куыста зындгонд зарæггæнджытимæ: Баллаты Валодя, Хъуылаты Елхъан, Цæллагты Эмилия, Билаонты Долорес, Суанты Ким, Бæцæзаты Юри. Ныртæккæ дæр кусы Медойты Светланæ, Хуыгаты Анатоли, Хадыхъаты Аллæ, Гæбуты Жаннæ, Персаты Тамарæ æмæ Томайты Миланæимæ.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ зарæггæнæг Хадыхъаты Аллæ у, йæ зарджытæ адæмы размæ фыццаг чи рахаста, уыцы зарæггæнæг. Уыдонæй иу — "Дыууæ уды", Кокайты Тотрадзы ныхæстыл фыст — адæмы зæрдæты ахъардта, ссис сæ уарзондæр зарджытæй иу. Йе 'мгуыстад Женяйæн цыд æмæ цæуы æнтыстджынæй бирæ поэттимæ, уыдонимæ: Цæгæраты Гиго, Чеджемты Æхсар, Гуырдзыбегты Ирæ, Бæдтиаты Юри, Гаглойты Анатоли, Хабæты Риммæ, Альбинæ Зайцева, Таисия Григорьева æмæ ма æндæртимæ дæр.

2008 азы Евгений Воложанин ссис республикон фестивал "Азы зарæг"-ы лауреат. Йе 'нæхин, активон æмæ зæрдиаг фыдæбоны тыххæй йын 2013 азы радтой майдан "Ирыстоны намысæн".

Дæсгай азты дæргъы (1993 азæй) абоны онг кусы Суанты Кимы номыл паддзахадон национ эстрадон оркестримæ, йæ разамонæг — Къæбойты Никъала. Хъæппæрисджын, фæллойуарзаг композитор æнæкæрон бирæ уарзы музыкалон аивад, йæ дæсныйадæй цæры æмæ улæфы риуымбæрц. Женяйæн ирон фæндыр, ирон цагъд æрцардысты арф йæ зæрдæйы, адæмы фарнæн ирон музыкалон къæбицмæ бахаста стыр æвæрæн, æмæ ма йæм бирæ азты рæсугъд хуынтæ хæссæд.

30 майы Евгений Воложанинæн уыдзæн йæ 70 азы кадæн юбилейон концерт Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры. Йæ концертон программæ лæвар кæны, йе сфæлдыстад æвваxс æмæ зынаргъ кæмæн у, аргъ ын чи кæны, уыцы уарзон Ирыстоны цæрæг дзыллæйæн.

Нæ уарзон композиторæн арфæты хуыздæр йæ хай, кувæм æмæ йын курæм Стыр Кадджын Хуыцауæй æнæниздзинад æмæ ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ!

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ

30 Понедельник

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20, 23.45 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.40, 12.15, 15.15, 18.20, 00.25, 03.05 Информационный канал 16+
18.00 Вечерние Новости
21.00 Время
21.45 Т/с "Тобол" 16+
22.45 Большая игра 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
21.20 Т/с "Елизавета" 16+
22.20 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
01.00 Т/с "Земский доктор" 12+
02.45 Т/с "Версия" 16+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" канал "Россия 24"
15.00 Россия 24. Местное время
15.30 Канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
04.55 Т/с "Улицы разбитых фонарей" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.00 Сегодня
08.25, 10.30 Т/с "Морские дьяволы. Смерч" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Дельфин" 16+
23.30 Т/с "Пес" 16+
02.45 Таинственная Россия 16+
03.30 Т/с "Шаман" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.40, 06.20, 07.05, 08.05 Х/ф "Игра с огнем" 16+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05 Х/ф "Чужое" 12+
13.30, 14.25, 15.25, 16.25 Х/ф "Отпуск за период службы" 16+
18.00, 18.55 Т/с "Морские дьяволы" 16+
19.50, 20.40, 21.25, 22.20, 00.30, 01.20, 02.05, 02.40 Т/с "След" 16+
23.10 Т/с "Свои-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.20, 03.50, 04.15 Т/с "Детективы" 16+
04.40 Х/ф "Отпуск за свой счет" 12+

КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 07.30, 08.15, 10.00, 15.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 Невский ковчег. Теория невозможного. Николай Марр 16+
07.35 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.20 Легенды мирового кино 16+
08.50, 16.25 Х/ф "Зеленый фургон" 12+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 00.20 ХХ Век. Встреча с кинорежиссером Эльдаром Рязановым 16+
12.30 Линия жизни 16+
13.30 Д/ф "Исцеление храма" 16+
14.15 ЭПИЗОДЫ. Павел Никонов 16+
15.05 Новости. Подробно. Арт 16+
15.20 Агора. Ток-шоу с Михаилом Швыдким 16+
17.35 Цвет времени. Караваджо 16+
17.55 Фестиваль российского национального оркестра в музее-заповеднике "Царицыно" 16+
18.35, 01.35 Д/ф "Фонтенбло - королевский дом на века" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Меж двух кулис 16+
20.50 Спокойной ночи, малыши!
21.05 Больше, чем любовь 16+
21.45 Сати. Нескучная классика... 16+
22.30 Т/с "Шерлок Холмс" 12+
02.30 Д/ф "И оглянулся я на дела мои..." 16+

МАТЧ-ТВ
06.00, 08.45, 12.30, 18.20 Новости
06.05, 00.00 Все на Матч! 12+
08.50, 12.35, 03.10 Специальный репортаж 12+
09.10 Хоккей. Чемпионат мира. Финал. Трансляция из Финляндии 0+
11.30 Есть тема! 12+
12.55 Регби. Чемпионат России. "Красный Яр" (Красноярск) - "Локомотив-Пенза". Прямая трансляция 0+
14.55 Хоккей. Международный турнир "Кубок Черного моря". Финал. Прямая трансляция из Сочи 0+
17.20 Автоспорт. Российская Дрифт серия. Гран-при 2022 г. Трансляция из Нижнего Новгорода 0+
18.25, 05.00 Громко 12+
19.30 Баскетбол. Единая лига ВТБ. Финал. ЦСКА - "Зенит" (Санкт-Петербург). Прямая трансляция 0+
21.55 Бильярд. "BetBoom Кубок Чемпионов". Прямая трансляция из Москвы 0+
00.30 Тотальный Футбол 12+
01.00 Х/ф "Андердог" 16+
03.25 Новости 0+
03.30 Классика бокса. Мохаммед Али. Лучшее 16+
04.15 Классика бокса. Джордж Форман. Лучшее 16+
04.35 Классика бокса. Майк Тайсон. Лучшее 16+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Д/ф "Александр Демьяненко. Убийственная слава" 12+
09.00 Т/с "Трое в лифте, не считая собаки" 12+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00, 23.55 События 12+
11.50 Х/ф "Академия" 12+
13.40, 05.20 Мой герой. Владимир Майзингер 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05, 03.05 Х/ф "Московские тайны. Проклятие мастера" 12+
16.55 90-е. Врачи-убийцы 16+
18.10, 02.50 Петровка, 38 16+
18.25 Х/ф "Смерть в объективе. Мышеловка" 12+
22.35 Поехали! Специальный репортаж 16+
23.10 Знак качества 16+
00.25 Удар властью. Валентин Павлов 16+
01.05 Д/ф "Игорь Старыгин. Ледяное сердце" 16+
01.45 Д/ф "Письмо товарища Зиновьева" 12+
02.25 Осторожно, мошенники! Бес в голову 16+
04.35 Д/ф "Клара Лучко и Сергей Лукьянов. Украденное счастье" 12+

ДОМАШНИЙ
06.30 Д/с "Чудотворица" 16+
06.40, 05.25 По делам несовершеннолетних 16+
09.15, 04.15 Давай разведемся! 16+
10.15, 02.35 Тест на отцовство 16+
12.30, 00.30 Д/с "Понять. Простить" 16+
13.35, 01.20 Д/с "Порча" 16+
14.05, 01.45 Д/с "Знахарка" 16+
14.40, 02.10 Д/с "Верну любимого" 16+
15.15 Х/ф "Семейные тайны" 16+
19.00 Т/с "Папа Дэн" 16+
22.45 Т/с "Женский доктор-4" 16+
05.05 6 кадров 16+

РЕН-ТВ
05.00, 04.25 Территория заблуждений 16+
06.00 Документальный проект 16+
07.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Документальный спецпроект 16+
17.00, 03.35 Тайны Чапман 16+
18.00 Самые шокирующие гипотезы 16+
20.00 Х/ф "Конан-варвар" 16+
22.10 Водить по-русски 16+
23.25 Неизвестная история 16+
00.30 Х/ф "Чужой против Хищника" 16+
02.15 Х/ф "Чужие против Хищника: Реквием" 16+

СТС
06.00 Ералаш 0+
06.05 М/с "Три кота" 0+
06.25 М/ф "Забавные истории" 6+
06.35 М/ф "Монстры против овощей" 6+
07.00 М/с "Том и Джерри" 0+
09.05 Х/ф "Такси" 16+
10.45 Х/ф "Такси-2" 16+
12.30 Х/ф "Такси-3" 16+
14.10 Х/ф "Такси-4" 16+
16.00 Х/ф "Перевозчик" 16+
17.55 Х/ф "Перевозчик-2" 16+
19.35 Х/ф "Падение ангела" 16+
22.00, 22.30 Т/с "Трудные подростки" 16+
23.00 Х/ф "Перевозчик. Наследие" 16+
00.55 Кино в деталях 18+
01.55 Х/ф "Толкин" 16+
03.35 Т/с "Воронины" 16+
05.30 6 кадров 16+

ТНТ
07.00, 08.00, 10.30, 11.30, 06.10 Однажды в России. Спецдайджест 16+
09.00 Звезды в Африке 16+
12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30 Т/с "Универ. Новая общага" 16+
15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с "СашаТаня" 16+
21.00 Т/с "Полицейский с Рублевки" 16+
22.00 Т/с "Эпидемия" 16+
23.00 Х/ф "Удивительное путешествие доктора Дулиттла" 12+
01.00 Х/ф "Блондинка в законе" 12+
02.30 Такое кино! 16+
03.00 Импровизация 16+
03.50 Comedy Баттл. Суперсезон 16+
05.20 Открытый микрофон 16+

31 Вторник

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20, 23.45 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.40, 12.15, 15.15, 18.20, 00.25, 03.05 Информационный канал 16+
18.00 Вечерние Новости
21.00 Время
21.45 Т/с "Тобол" 16+
22.45 Большая игра 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
21.20 Т/с "Елизавета" 16+
22.20 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
01.00 Т/с "Земский доктор" 12+
02.45 Т/с "Версия" 16+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
05.00 Т/с "Улицы разбитых фонарей" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.00 Сегодня
08.25, 10.30 Т/с "Морские дьяволы. Смерч" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Дельфин" 16+
23.30 Т/с "Пес" 16+
02.45 Их нравы 0+
03.20 Т/с "Шаман" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 06.05 Х/ф "Отпуск за свой счет" 12+
07.15 Х/ф "Будьте моим мужем" 12+
09.30, 10.25, 11.20, 12.20, 13.30 Т/с "Ментовские войны-2" 16+
13.50, 14.40, 15.35, 16.25 Т/с "Ментовские войны-3" 16+
18.00, 18.55 Т/с "Морские дьяволы" 16+
19.55, 20.40, 21.30, 22.20, 00.30, 01.15, 02.05, 02.40 Т/с "След" 16+
23.10 Т/с "Свои-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.20, 03.45, 04.10, 04.35 Т/с "Детективы" 16+

КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 07.30, 08.30, 10.00, 15.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф "Фонтенбло - королевский дом на века" 16+
08.35 Цвет времени. Густав Климт. Золотая Адель 16+
08.45, 16.35 Х/ф "Зеленый фургон" 12+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 00.20 ХХ Век. Что такое "Ералаш"? 16+
12.10 Больше, чем любовь 16+
12.50, 22.30 Т/с "Шерлок Холмс" 12+
14.20, 02.10 Острова 16+
15.05 Новости. Подробно. Книги 16+
15.20 Передвижники. Михаил Нестеров 16+
15.50 Сати. Нескучная классика... 16+
17.45 Цвет времени. Альбрехт Дюрер. Меланхолия 16+
17.55 Фестиваль российского национального оркестра в музее-заповеднике "Царицыно" 16+
18.35, 01.15 Д/ф "Во-ле-Виконт - дворец, достойный короля" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Меж двух кулис 16+
20.50 Спокойной ночи, малыши!
21.05 Искусственный отбор 16+
21.45 Белая студия 16+

МАТЧ-ТВ
06.00, 08.45, 12.30, 14.55, 18.20 Новости
06.05, 17.30, 20.30, 00.00 Все на Матч! 12+
08.50, 12.35, 03.10 Специальный репортаж 12+
09.10 Х/ф "Андердог" 16+
11.30, 00.40 Есть тема! 12+
12.55, 15.00 Х/ф "Кикбоксер возвращается" 16+
15.20 Х/ф "Самоволка" 16+
18.25 Легкая атлетика. Мировой континентальный тур. Прямая трансляция из Чехии 0+
21.00 Профессиональный бокс. Харитон Агрба против Авака Узляна. Прямая трансляция из Москвы 0+
01.00 Х/ф "В лучах славы" 12+
03.25 Новости 0+
03.30 Диалоги о рыбалке 12+
04.00 Правила игры 12+
05.00 Легкая атлетика. Мировой континентальный тур. Трансляция из Чехии 0+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.50 Т/с "Мышеловка на три персоны" 12+
10.35 Д/ф "Николай Еременко. Загнать себя в тупик" 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00, 23.55 События 12+
11.50 Х/ф "Академия" 12+
13.40, 05.20 Мой герой. Виктор Рыбин 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05, 03.05 Х/ф "Московские тайны. Либерея" 12+
16.55 90-е. Лужа и Черкизон 16+
18.10, 02.50 Петровка, 38 16+
18.25 Х/ф "Смерть в объективе. Аура убийства" 12+
22.35 Закон и порядок 16+
23.10 Д/ф "Марк Рудинштейн. Король компромата" 16+
00.25 Удар властью. Валерия Новодворская 16+
01.05 Хроники московского быта. Возраст-приговор 16+
01.45 Д/ф "Маршал Жуков. Первая победа" 12+
02.25 Осторожно, мошенники! Гарнитур из подворотни 16+
04.35 Д/ф "Александр Кайдановский. По лезвию бритвы" 12+

ДОМАШНИЙ
06.30, 05.15 По делам несовершеннолетних 16+
09.15, 04.20 Давай разведемся! 16+
10.15, 02.40 Тест на отцовство 16+
12.30, 00.35 Д/с "Понять. Простить" 16+
13.35, 01.25 Д/с "Порча" 16+
14.05, 01.50 Д/с "Знахарка" 16+
14.40, 02.15 Д/с "Верну любимого" 16+
15.15, 19.00 Т/с "Папа Дэн" 16+
22.45 Т/с "Женский доктор-4" 16+
05.10 6 кадров 16+

РЕН-ТВ
05.00 Территория заблуждений 16+
06.00 Документальный проект 16+
07.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Совбез 16+
10.00, 15.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
17.00, 03.30 Тайны Чапман 16+
18.00, 02.40 Самые шокирующие гипотезы 16+
20.00 Х/ф "Авангард" 12+
22.00 Водить по-русски 16+
23.25 Знаете ли вы, что? 16+

СТС
06.00 Ералаш 0+
06.05 М/с "Три кота" 0+
06.25 М/с "Сказки Шрэкова болота" 6+
06.35 М/с "Рождественские истории" 6+
07.00 М/с "Том и Джерри" 0+
09.00 Т/с "Ивановы-Ивановы" 16+
13.45 Х/ф "Падение ангела" 16+
16.10 Уральские пельмени 16+
19.20 Х/ф "Штурм Белого дома" 16+
22.00, 22.30 Т/с "Трудные подростки" 16+
23.00 Х/ф "Неудержимые" 18+
01.00 Х/ф "Перевозчик-3" 16+
02.45 Т/с "Воронины" 16+
05.45 6 кадров 16+

ТНТ
07.00, 08.00, 09.00, 10.00, 11.00, 06.15 Однажды в России. Спецдайджест 16+
08.30 Бузова на кухне 16+
12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30 Т/с "Универ. Новая общага" 16+
15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с "СашаТаня" 16+
21.00 Т/с "Полицейский с Рублевки" 16+
22.00 Т/с "Эпидемия" 16+
23.10 Х/ф "Фантастические твари и где они обитают" 16+
01.40 Х/ф "Блондинка в законе-2" 12+
03.05, 03.50 Импровизация 16+
04.40 Comedy Баттл. Последний сезон 16+
05.30 Открытый микрофон 16+

1 Среда

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20, 23.40 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.40, 12.15, 15.15, 18.20, 00.20, 03.05 Информационный канал 16+
18.00 Вечерние Новости
21.00 Время
21.45 Т/с "Тобол" 16+
22.45 Большая игра 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 15.05, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
15.30 Фестиваль детской художественной гимнастики "Алина" 12+
21.20 Т/с "Елизавета" 16+
22.20 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
01.00 Т/с "Земский доктор" 12+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
15.05 Местное время. Вести-Алания
15.20 Канал "Россия 1"
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
04.50 Т/с "Улицы разбитых фонарей" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.00 Сегодня
08.25, 10.30 Т/с "Морские дьяволы. Смерч" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Дельфин" 16+
23.30 Т/с "Пес" 16+
02.50 Их нравы 0+
03.15 Т/с "Шаман" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 06.10 Т/с "Ментовские войны-2" 16+
06.55, 07.45, 08.40, 09.30, 10.05, 11.05, 12.05, 13.30, 14.25, 15.25, 16.25 Т/с "Ментовские войны-3" 16+
18.00, 18.55 Т/с "Морские дьяволы" 16+
19.45, 20.25, 21.00, 21.45, 22.20, 00.30, 01.15, 01.50, 02.25 Т/с "След" 16+
23.10 Т/с "Свои-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.05, 03.40, 04.05, 04.30 Т/с "Детективы" 16+

КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 07.30, 08.30, 10.00, 15.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф "Во-ле-Виконт - дворец, достойный короля" 16+
08.35 Цвет времени. Анри Матисс 16+
08.50, 16.35 Х/ф "Цирк приехал" 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 00.20 ХХ Век. Что такое "Ералаш"? 16+
12.25 Т/с "Первые в мире. Двигатель капитана Костовича" 16+
12.45, 22.30 Т/с "Шерлок Холмс" 12+
14.15 Острова 16+
15.05 Новости. Подробно. Кино 16+
15.20 Владимир Солоухин. Последняя ступень 16+
15.50 Белая студия 16+
17.40 Цвет времени. Тициан 16+
17.50 Фестиваль российского национального оркестра в музее-заповеднике "Царицыно" 16+
19.00 Д/ф "Огюст Монферран" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Меж двух кулис 16+
20.55 Абсолютный слух 16+
21.40 Д/ф "Одиссея со скрипкой" 16+
01.30 Д/ф "Тайный Версаль Марии-Антуанетты" 16+
02.25 Не бывает напрасным прекрасное... 16+

МАТЧ-ТВ
06.00, 08.45, 12.30, 15.05, 17.20, 22.00 Новости
06.05, 19.25, 22.05 Все на Матч! 12+
08.50, 12.35, 03.10 Специальный репортаж 12+
09.10 Х/ф "В лучах славы" 12+
11.30, 23.00 Есть тема! 12+
12.55, 15.10 Т/с "Кремень" 16+
17.25 Мини-Футбол. Чемпионат России "Парибет-Суперлига". Финал. "Газпром-Югра" (Югорск) - КПРФ (Москва). Прямая трансляция 0+
20.00 Футбол. Лига чемпионов. "Байер" (Германия) - "Локомотив" (Россия) 0+
23.20 Профессиональный бокс. Амир Хан против Келла Брука. Трансляция из Великобритании 16+
00.20 Мини-Футбол. Чемпионат России "Парибет-Суперлига". Финал. "Газпром-Югра" (Югорск) - КПРФ (Москва) 0+
02.15 Американский Футбол. Лига легенд. Женщины. "Лос-Анджелес Темптейшен" - "Сиэтл Мист" 16+
03.25 Новости 0+
03.30 Диалоги о рыбалке 12+
04.00 Территория спорта 12+
04.30 Второе дыхание. Валерий Кобелев 12+
05.00 Посттравматический синдром 12+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.20 Доктор И... 16+
08.55 Х/ф "Уравнение с неизвестными. Химия убийства" 12+
10.40 Д/ф "Алексей Баталов. Ради нее я все отдам..." 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00, 23.50 События 12+
11.50, 18.10, 02.55 Петровка, 38 16+
12.05 Х/ф "Академия" 12+
13.45, 05.20 Мой герой. Юрий Григорьев 12+
14.50 Город новостей 16+
15.10 Х/ф "Московские тайны. Бедная Лиза" 12+
17.00 90-е. Сладкие мальчики 16+
18.25 Х/ф "Смерть в объективе. Каменный гость" 12+
20.10 Х/ф "Смерть в объективе. Паук" 12+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта. Родные иностранцы 12+
00.25 90-е. Крестные отцы 16+
01.05 Знак качества 16+
01.45 Д/ф "Маршала погубила женщина" 12+
02.30 Осторожно, мошенники! Бабкин бизнес 16+
